



### Lè desizyon an pozitif

**Nan ka sa a, yo rekonèt ou kòm refijye, oubyen ou anba pwoteksyon leta.**

Men, demach yo pa fini la. Avèk dokiman yo ba w la, ou dwe ale nan COMAR, oubyen nan INM, pou w kòmanse pwosesis pou ou menm ak fanmi w vin gen rezidans pèmanan nan peyi a. Sa ap pèmèt ou viv nenpòt kote nan peyi Meksik.



### Lè desizyon an negatif

Si w pa dakò ak desizyon COMAR la, ou ka mande pou yo egzamine ka w la ankò.

Apati dat yo di desizyon an, ou gen 15 jou devan w, jou ki gen travay, pou w mande yo egzamine ka w la ankò. Demach sa a rele: "Recurso de revisión". Sonje ou ka toujou mande oryantasyon ak direksyon nan ACNUR.

## LÒT ENFÒMASYON



■ Tout demach ou fè nan COMAR yo GRATIS, e dokiman legal INM ap ba ou ki gen rapò ak demach ou yo GRATIS tou.



■ Ou gen dwa mande pou leta ba w yon avoka pou ede w fè demach yo. Ou ka telefone IFDP, Instituto Federal de Defensoría Pública, si w an kontravansyon ak lalwa. Y ap ede w gratis: **800 224 2426**



■ Si w bezwen yon tradiktè, oswa yon entèprèt, pou ede w nan demach yo, ou ka mande sa.



■ Leta ba w dwa pou w etidye nan peyi a, e pou w jwenn swen sante. COMAR ap ede w jwenn posiblite pou w etidye, jwenn swen sante, dokiman idantite, ak dokiman vwayaj.



■ CNDH, Comisión Nacional de los Derechos Humanos, ap ede w pwoteje dwa w. Ou ka rele nan nimewo apre a gratis nan tout peyi Meksik: **800 715 2000**



## Ki lè yon moun se yon refijye?



*Se lè yon moun pa ka retounen nan peyi l paske lavi l, sekirite l, oubyen libète l an danje.*

Moun ki nan sitiasyon sa yo ka mande gouvènman peyi Meksik ed pou yo rekonèt yo kòm refijye. Lè w se yon refijye, ou lib pou w ale kote w vle nan peyi a, menm jan ak yon sitwayen meksiken, ou gen dwa pou w etidye, travay, jwenn swen sante, lojman ak lòt avantaj ankò. Epitou, leta peyi a ap pwoteje w. Sepandan, ou dwe toujou respekte konstitisyon ak lwa peyi Meksik yo.

### Kontakte COMAR si w bezwen pwoteksyon ak direksyon antanke refijye:

#### Acayucan, Veracruz

Carretera Costera del Golfo No. 180, Km. 221  
924 245 7440 ekstansyon 226 y 204

#### Ciudad de México

Versalles No. 49, col. Juárez  
555 209 8800 ekstansyon 30147 y 30208

#### Tenosique, Tabasco

Calle 2 S/N, kafou ki nan calle55, col. Pueblo Nuevo (anfas la, gen yon rezèvwa dlo ki anlè a)  
934 688 0404

#### Tapachula, Chiapas

8va Avenida Sur y 4ta Poniente No. 39, col. Centro  
555 2098 800 ekstansyon 59316

#### Tijuana, Baja California

Av. de los Insurgentes No. 16000, col. Los Álamos  
664 3628 333, 558 0559 208

#### Palenque, Chiapas

Carretera Playas de Catatzaja-Ocosingo Km. 26 A + 100, col. Guayacan  
916 3453 035 ekstansyon 8288206

#### Monterrey, Nuevo León

Av. Lázaro Cárdenas No. 1817, col. Jardín de las Torres  
818 4861 577 ekstansyon 218

[www.gob.mx/comar](http://www.gob.mx/comar)

## Kòmanse yon nouvel vi nan Meksik



**Si w pè retounen nan peyi w paske lavi w, sekirite w, oswa libète w, an danje, ou gen dwa mande pwoteksyon kòm refijye nan peyi Meksik.**

### Kontakte ACNUR pou w jwenn enfòmasyon ak direksyon:

**Ou ka rele nan nimewo apre a gratis: 800 226 8769**  
**Nan telefòn ak Whatsapp: 562 0462 974**

#### Acayucan

Prolongación Lerdo de Tejada S/N, esquina con Vázquez Gómez, col. Villalta.  
924 1064 616

#### Aguascalientes

Cristóbal Colón No. 309, Barrio del Encino.  
449 9102 025

#### Ciudad de México

Programa Casa Refugiados Mártires de la Conquista No. 86, col. Escandón  
552 6147 992, 557 314 0957

#### Monterrey

Calle Juan Ignacio Ramón No. 506, Centro. Edificio Platino, Piso 8  
554 791 7041

#### Palenque

Av. Periférico Norte, Esquina con 5ta Poniente. Frente a estacionamiento Chedraui.  
557 959 0258

#### Saltillo

Bldv. Galerías No. 200, Piso 2 Local 22.  
844 688 0534

#### Tenosique

Calle 22 No. 404, esquina con Calle 25, col. Centro.  
934 342 1664 o 934 342 1687

#### Tapachula

21 Oriente No. 22, entre 9ª y 11ª Av. Norte, col. Lomas del Soconusco.  
962 642 5198 y 962 642 5199

#### Centro de Registro

Calle Central Oriente No. 34 entre 3ª y 5ª Avenida Norte, col. Centro  
800 523 7402

#### Tijuana

Bldv. Sánchez Taboada No. 10488, Ofi. 819, Zona Urbana Río  
664 518 3207

#### Guadalajara

Guadalupe Zuno No. 2302, Edificio El Bosque, col. Americana.  
557 932 86 98 y 333 835 2078

#### Mexicali

558 040 9103

**Si w gen kesyon, ou kapab poze yo sou El Jaguar sou Facebook**

ConfiaEnElJaguar



GOBIERNO DE MÉXICO

GOBERNACIÓN SECRETARÍA DE GOBERNACIÓN

COMAR COMISIÓN MEXICANA DE AYUDA A REFUGIADOS



CNDH



Instituto Federal de Defensoría Pública



UNHCR ACNUR La Agencia de la ONU para los Refugiados

# Fason ou ka kòmanse fè demach pou yo rekònèt ou kòm refijye nan peyi Meksik



Nan peyi Meksik, òganis ki la pou resevwa demann moun ki ta renmen vin refijye yo, analize demann yo, e pran desizyon ki gen rapò ak refijye yo se COMAR (Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados).



## Mande azil!

Ale nan **COMAR**, nan biwo INM, oubyen al kot nenpòt otorite nan peyi Meksik, di yo ou ta renmen gen estati refijye nan peyi a, epi esplike yo rezon ki fè w pa ka retounen nan peyi w.

Ou ka di yo sa nan bouch oubyen ekri yon lèt pou w di yo sa.



## Fòmilè

W ap bezwen ranpli yon fòmilè pou w esplike rezon ki fè w te kite peyi w, e sa k fè w pa ka retounen.

Si fanmi w ansanm nan peyi a avè w, li enpòtan pou w di sa nan fòmilè a tou. Si yo nan peyi yo, ou dwe mete non yo nan fòmilè a.


**COMAR** pap pataje enfòmasyon ou bay yo ak pèsonn, sa ap rete konfidansyèl.

## Atestasyon



**COMAR** ap ba w yon atestasyon ki pwouve ou kòmanse demach yo, donk, leta pa ka fè w retounen nan peyi w nan moman w ap fè demach yo. Atestasyon an se yon dokiman legal ki gen enfòmasyon pèsònèl ou ak foto w, e li dwe gen enfòmasyon sou manm fanmi w ki avèk ou. Byen verifie tout enfòmasyon yo kòrèk!

Atestasyon w lan ap valid sèlman nan eta (oswa Entidad Federativa) ou te kòmanse demach ou yo. Si w kite zòn kote w te kòmanse demach yo, y ap fèmen dosye w la, sa vle di yo pap kontinye travay sou li ankò. Si w ta renmen al nan yon lòt zòn, ou dwe mande **COMAR** otorizasyon pou w fè sa.



## CURP Tanporè a

CURP Tanporè a se yon nimewo idantite pwovizwa **COMAR** ap ba ou ki gen 18 chif ak lèt k ap pèmèt ou gen aksè ak sèvis piblik yo.



## Siyen dokiman

Se ou ki dwe al nan biwo **COMAR** yo, oubyen nan biwo INM, pou w siyen dokiman w yo nan dat yo ba ou a. Si w pa al siyen nan dat yo ba w la, y ap konprann se kanpe ou kanpe sou demach yo.

Toujou chèche konn dènye enfòmasyon otorite yo bay

## Kat vizitè pou rezon imanitè



Lè w fin ranpli yon demann pou w vin yon refijye, ou gen dwa mande yon kat vizitè pou rezon imanitè nan INM. Avèk kat sa a, ou legal pou w rete nan peyi a, epi travay nan peyi a. Kat sa a gratis, e li valab pou ennan.

Si w sispann fè demach yo, ou pap ka renouvle kat la ankò.



## Entèvyou

**COMAR** ap fè 2 entèvyou avè w pou pi piti:

**Pou wè si w kalifye** Yap fè yon entèvyou pèsònèl avè w pou yo ka konn rezon ki fè w kouri kite peyi w. Li enpòtan pou **COMAR** gen bonjan enfòmasyon sou sa ki met lavi w an danje nan peyi w. Se pou w esplike yo tout bagay nèt. Ou pa oblije bay prèv, men si w gen prèv, ou mèt bay **COMAR** yo.

**Pou wè ki èd ou bezwen:** Y ap entèvyouwe w tou pou yo ka pi byen konnen w epi konn bezwen w. Objektif **COMAR** se fasilite demach ou yo, epi ede w pwofite sèvis li yo.

Selon bezwen w, ou ka mande pou se yon gason, oswa yon fi ki fè entèvyou avè w.



## Desizyon

**COMAR** ap egzamine dosye w, epi l ap fè w konn sa l decide.

Sa ka pran jiska 45 jou ki gen travay, plis 10 lòt jou, anvan **COMAR** fè w konn sa l decide.

Si **COMAR** bezwen plis tan pou l ba w repons, l ap fè w konn sa, e sa ka pran yon lòt 45 jou ki gen travay ankò, anvan l ba w repons. Y ap ba w yon nouvo atestasyon.

**A**

Lè w rive nan peyi Meksik, ou gen 30 jou devan w, sèl jou ki gen travay yo, pou w kontakte **COMAR** pou w ka fè demann ou an. Sonje, biwo yo ouvri soti lendi pou rive vandredi, wikenn ak jou ferye pa ladan l.

Si w gen plis pase 30 jou (jou ki gen travay) nan peyi a, w ap bezwen pale ak otorite yo. **ACNUR** kapab mete w an kontak ak òganizasyon ki ka ede w gratis.

**B**

Si w ap viv nan vil tankou Acayucan, Ciudad de México, Monterrey, Palenque, Tapachula, Tijuana, oubyen Tenosique, ale nan nenpòt biwo **COMAR** pou w ka kòmanse demach yo. Si w abite toupre vil sa yo, ou ka kòmanse demach yo nan youn nan biwo INM yo (Instituto Nacional de Migración) ki regle kesyon imigrasyon nan tout peyi a.

**C**

Si w nan yon biwo imigrasyon, fè responsab INM yo konnen ou bezwen kòmanse fè demach yo nan **COMAR**.

**Tout demach yo GRATIS, e w pa oblije bay okenn prèv.**